

Chè Pwopriyetè,

Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Housing Preservation and Development, HPD) bay pwopriyetè edifis rezidansyèl yo mizajou tanzantan sou nouvo lejislasyon ak enfòmasyon sou materyèl ak resous disponib pou fè moun respekte Kòd Antretyen Lojman (Housing Maintenance Code) Vil New York, Lwa sou Lojman Miltip (Multiple Dwelling Law) Eta New York lan ak lòt kòd minisipal ki gen pou wè ak sa. Ale sou [sitwèb HPD a](#) pou w li bilten sa a (ak ansyen bilten nou yo) nan lòt lang.

Piblikasyon sa a la a pou bay enfòmasyon sèlman epi li pa la kòm konsèy jiridik. Enfòmasyon sa yo pa yon deskripsyon konplè oswa final sou tout responsabiltè pwopriyetè kay ak lokatè an rapò ak lalwa ak règ ki konsène lojman nan vil New York.

DEPO ANYÈL 2020 YO:

- **Dat limit 31 desanm 2020: Depoze Dosye sou Pinèz:** Pwopriyetè plizyè lojman (yo) oblije depoze [Rapò Anyèl Sou Pinèz](#) devan HPD. Peryòd depo a kòmanse 1ye desanm epi li fini 31 desanm. Plis enfòmasyon sou depo Pinèz la disponib nan [bilten](#) Oktòb 2020 an oswa ale sou [sitwèb HPD a](#).
- **Dat limit 31 oktòb 2020: Anrejistreman Pwopriyete:** Dat limit enskripsyon anyèl la fini men ou ka toujou kòmanse pwosesis enskripsyon an nan [Sistèm Anrejistreman Pwopriyete sou Entènèt \(Property Registration Online System, PROS\) HPD a](#). Si w pa t resevwa konfimasyon Anrejistreman Anyèl Pwopriyete 2020-2021 ou a, ou ka verifye [HPDONLINE](#) oswa kont [PROS](#) ou a pou verifye si ou anrejistre kòmsadwa. **Si w gen kesyon**, ale sou [paj wèb HPD a](#) oswa kontakte Inite Asistans Anrejistreman an nan imèl (Register@hpd.nyc.gov) oswa telefòn (**212-863-7000**). *Tanpri sonje biwo nou yo pa louvri pou estaf nou asiste moun ki vin anrejistre san randevou akòz KOVID-19 la.*

2021 AVI ANYÈL YO: Avi anyèl sa yo dwe livre pandan mwa janvyè 2021 an.

- **Soti 1ye Janvyè pou rive 15 Janvyè Avi Anyèl sou Plon/Pwoteksyon Fenèt:** Ou dwe distribye swa [Avi Anyèl sou Plon/Pwoteksyon Fenèt](#) konbine a (si bilding ou a bati anvan lane 1960) an Anglè ak [Panyòl](#) oubyen [Avi Anyèl sou Pwoteksyon Fenèt](#) (si bilding ou a ki gen 3 oswa plis inite te bati nan/apre lane 1960) ann Anglè ak [Panyòl](#) pou tout lokatè yo. Lokatè yo oblije retounen avi sa yo ba ou san pèdi tan jan yo mande sa sou avi yo. Nou rekòmande ak tout fòs pou w itilize [ECHANTIYON Livrezon Avi Anyèl pou Prevansyon Danje Penti Abaz Plon - Ankèt Konsènan Timoun - Fòm Rezime](#) nou an oswa yon dokiman sanblab pou suiv distribisyon avi anyèl penti abaz plon, nan ka HPD fè odit sou dosye penti abaz plon pwopriyete w la.
- **Avi sou Kouvèti pou Bouton Fou:** Malgre yo pa mande pou oblije bay avi sa a nan mwa janvyè, HPD trè rekòmande pou ou livre [Avi anyèl ki Gen Rapò ak Enstalasyon Kouvèti Bouton Fou](#) a bay lokatè ki gen avi yo egzije anwo yo.

- **Bilten FDNY:** Depatman Ponpye Vil New York (New York City Fire Department, FDNY) dènyèman an te pibliye [Bilten Anyèl 2020-2021 sou Preparasyon Ijans lè gen dife ak Ijans](#), ki konplete [Gid pou Preparasyon Ijans Apatman NYC a](#). Pwopriyetè apatman yo dwe distribye Bilten 2020-2021 an bay tout rezidan ak anplwaye bilding yo anvan dat 29 janvyè 2021. Objektif nouvo bilten an se pou raple lokatè rezidan ak anplwaye bilding yo enpòtans ki genyen nan planifikasyon ijans pou dife ak lòt danje.

Bilten an dwe distribiye konfòmeman ak Règleman Depatman Ponpye a, 3 RCNY §401-06(c)(5) epi yo dwe repwodwi epi distribiye kòm yon dokiman konplè ak an koulè epi li ka swa yon sèl bò oswa rekto vèso. Lè distribisyon bilten an ap fèt, pwopriyetè yo dwe distribiye tou [Gid pou Preparasyon Ijans lan](#), ansanm ak [Lis Kontwòl Preparasyon Ijans/Plan Evakyasyon](#). Pwopriyetè bilding yo dwe afiche tou [Avi "Close The Door" \(Fèmen pòt\)](#) nan moman sa a.

Tanpri soumèt nenpòt kesyon konsènan konfòmite ak FDNY lè w sèvi avèk Fòm Ankèt Piblik la sou [Paj Kesyon ak Kòmantè](#) sitwèb FDNY la. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sa ki pi wo a, ale sou [Paj Web Règ Kòd Prevansyon Dife FDNY la](#).

ENSPEKSYON ANYÈL 2021:

- **Soti nan dat 16 fevriye pou rive 1ye mas** Si lokatè w yo pa t retounen [Avi Anyèl sou Plon/Pwoteksyon Fenèt](#) (si bilding ou a bati anvan lane 1960), ou oblije fè yon enspeksyon pou detèmine si yon timoun ki poko gen sis (6) lane abite nan apatman an (Rapèl: "Abite" pou penti abaz plon vle di timoun nan pase omwen 10 èdtan chak semèn nan apatman an.) Si w pa kapab fè enspeksyon sa yo pou detèmine si yon timoun ki poko gen 6 lane abite nan apatman an, pwopriyetè a dwe voye yon avi bay Depatman Sante ak Ijyèn Mantal pou di sa.
- Pou tout apatman kote ou te detèmine yon timoun ki poko gen sis (6) lane abite ladan yo, ou dwe fè yon enspeksyon vizyèl pou wè si gen danje penti abaz plon. HPD rekòmande ak tout fòs pou nenpòt moun ki fè investigasyon sa a dwe pran [fòmasyon evalyasyon vizyèl sou entènèt](#) Depatman federal Lojman ak Devlopman Iben an ofri pou ede moun nan konnen ki sa li dwe chache. Nou rekòmande tou pou kenbe rezilta yo sou echantiyon [Enspeksyon Vizyèl Anyèl pou Danje Penti Abaz Plon - Fòm Rezime](#) oswa yon fòm sanblab pou dokimante enspeksyon yo, nan ka HPD fè odit sou dosye penti abaz plon pwopriyete w la.
- HPD rekòmande, espesyalman nan apatman kote ou deja ap fè enspeksyon vizyèl pou wè si gen danje penti abaz plon, pou ou tou fè nan moman sa a enspeksyon anyèl ki nesèsè pou **danje bagay andedan kay ki bay alèji** tankou sourit, ravèt, rat ak mwazi. Dosye enspeksyon sa a dwe konsève tou, epi HPD te bay yon [Echantiyon Fòm Ankèt](#) pou objektif sa a oswa ou ka fè pa w pou konsève menm enfòmasyon yo. Si w p ap fè evalyasyon vizyèl la pou wè si gen danje penti abaz plon, ou ka fè enspeksyon sibstans andedan kay ki bay alèji sa a pandan ane sivil la.

NOUVÈL SOU MIZANPLAS LWA YO:

- **Mizanplas Lwa sou Pentu Abaz Plon HPD:** Depi Desanm 2019, HPD te fè odit pou plis pase 400 bilding pou dosye pentu abaz plon pwopriyetè yo te bati anvan 1960 yo oblije koube anba Lwa NYC a sou prevansyon anpwazonman ak plon lakay timoun (yo rele tou Lwa Lokal 1 ane 2004 ak amannman li yo). Odit sa yo ka lakòz vyolasyon epi yo ka lakòz tou sanksyon sivil pou plizyè vyolasyon ki fèt an koneksyon avèk odit yo, ki gen ladan manke konsève dosye pentu abaz

plon, echèk nan fè aktivite avi anyèl ak envestigasyon ak echèk nan ranpli kondisyon pou transfere apatman an nan yon bon eta bay nouvo lokatè a. Pou plis detay sou kijan ou ka fè aktivite ki apwopriye epi konsève dosye ki apwopriye yo, gade wèbinè HPD yo sou sijè sa yo, enskri pou nouvo wèbinè lè w resevwa notifikasyon nan men HPD oswa revwa dokiman yo ak fòm echantiyon sou [sitwèb](#) nou an.

- **Depatman Pwoteksyon Anviwònman:** Jan sa dekri nan Avi sou Vyolasyon HPD a, vyolasyon mwazi klas B ak klas C HPD pibliye bay bilding ki gen plis pase 10 inite, yo mande pou yon evalyatè mwazi ak reparatè ki gen lisans, korije yo. Nan dat 18 desanm 2020, yon règ Depatman Pwoteksyon Anviwonman (Department of Environmental Protection, DEP) pibliye te vin anplas epi ki pèmèt yo voye konvokasyon si mèl kay la pa rive anboche yon reparatè ki gen lisans. Jan yo te mande sa anvan an, konpayi sa yo oblije depoze yon avi sou travay yo ak DEP. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou detay nouvo kalandriye penalite sa a sou <https://rules.cityofnewyork.us/rule/32126/>. Kòmansman mwa janvye 2021, HPD ap fè referans bay DEP a si travay yo fini sou kondisyon sa yo kòm repons yon vyolasyon HPD, epi yo manke soumèt dlokiman obligatwa yo anvan pou fè travo yo. Si DEP pa gen dosye kòm kwa kontraktè yo te prezante papyè yo anvan pou kòmanse travay la, DEP ap bay mèl kay la vyolasyon. Vyolasyon sa yo ka retounen nan Biwo Tribinal Administratif yo, epi penalite yo varye ant 800 ak 2400 dola.
- **Depatman Konstriksyon:** Nan kòmansman 2021, vyolasyon eksepsyonèl HPD yo ap afekte tou kapasite w pou jwenn pèmi nan men Depatman Konstriksyon Bilding (DOB). Lwa lokal 104 ane 2019 mande pou DOB, men gen eksepsyon ki limite, refize bay yon pèmi konstriksyon lè:
 - yon bilding ki gen mwens pase 35 inite lojman gen twa (3) oswa plis vyolasyon kòd antretyen lojman ki imedyatman danjere oswa danjere ki pa regle oswa vyolasyon kòd konstriksyon ki imedyatman danjere oswa majè pou chak inite, oswa;
 - yon bilding ki gen 35 inite lojman oswa plis gen de (2) vyolasyon kòd antretyen lojman ki imedyatman danjere oswa danjere kip a regle oswa vyolasyon kòd konstriksyon imedyatman danjere oswa majè pou chak inite.

Moun k ap aplike pou pèmi travay nan bilding ki reponn ak kritè sa yo p ap otorize pou soumèt yon aplikasyon pèmi nan Sistèm Enfòmasyon Konstriksyon an, sof si travay la kalifye pou youn nan eksepsyon ki nan lis [Lwa lokal 104 la](#).

Anpeche Pwopagasyon KOVID-19 la

KOVID-19 kontinye reprezante yon menas grav pou Vil nou an, epi nou bezwen èd ou pou raple Nouyòkè yo pou yo rete vijilan pou swiv prekosyon ki apwopriye yo. Nou te fè gwo pwogrè sou plizyè mwa ki sot pase yo, men dènye monte pousantaj enfeksyon yo montre nou pa ka bay vag kounye a.

Tanpri revwa enfografi ki piba yo epi pataje ak lokatè yo ak sirentandan yo. Yo bay konsèy itil sou kòman pou rete an sekirite epi anpeche pwopagasyon an nan diferan pati nan yon bilding rezidansyèl: nan antre a, sal lesiv, jaden, salon, kizin, ak twalèt. Nou ankouraje w afiche afich la oswa tiliv la nan bilding kote lokatè yo ap kapab wè l.

[[Telechaje afich la](#)] [[Telechaje bwochi a](#)]

Koulye a, plis pase anvan, nou bezwen travay ansanm pou kanpe pwopagasyon KOVID-19 la. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou nyc.gov/prevent-the-spread. Pou mande yon kopi enprime afich la, tanpri voye yon imèl bay hpdcmm@hpd.nyc.gov